

**ИХÆС ФИСТ КУ ЦÆУА, ИХÆСЛÆВÆРД ДÆР УÆД ХУННУЙ!..**

*ХЪОДЗАТИ Æхсар (1937-2021), Цæгат Иристони адæмон поэт: «Исонибонæн федун гъæуй: зундæй, зæрдæй, æгъдауæй æфсармæй, уодуæлдай кустæй. Исонибонæн ци адæмихатт нæ федуй, е си æнæ хай фæуодзæнæй, æма æ бунигъæр райгъусдзæнæй... Фарнæ еу фæлтæрæй иннемæ ку нæ хеза æма син хуæрзгæнæги хузæн нифсдæттæг ку нæ уа, уæд муггаг зæууати уавæрмæ цæуй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№22 (1038) 2026 анзи 11 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**УÆРÆСЕЙ БОН БÆРÆГГОНД ЦÆУДЗÆНÆЙ 12 ИЮНИ. ÆМА УÆ БÆРÆГБОНИ ХУАРЗÆНХÆ УÆД!..**

# НÆ ТÆЛÆН – НÆ ФИДИБÆСТИ ХУÆРЗАГАДÆ ÆМА ÆНÆМÆНГÆ УÆЛАХЕЗОН УОДЗИНАН!..

Уæрæсей Бони фæдбæл дзубандий фæлгонцæн аци хузæ ке равзурстан, уомæ гæсгæ еске, ка 'й зонуй, бадес кæндзæнæй, гъома, айæ ба ци барæ даруй бæрæгбонмæ. Махмæ гæсгæ ба, уой ахсгиагдзийнади хæццæ æмзæлон æй аци хузи медес дæр.

Зæгъун гъæуй уой, æма Кæсæг-Балхъари Республики адæмон хузæгæнæг, Уæрæсей аййевæдти Академий иуонг **Хамид Савкуев** сæ адæмон эпоси Нарти кадæнгитæмæ гæсгæ, æвдесуй номдзуд Сосруко (мах Нарти кадæнгити – Сослан) æма Тотраши (Тотрази) лæгæй-лæгмæ тох. Сæ тох ба 'й сæ кадæ æма намуси сæрбæлтау.

Æма абони нæ Фидибæстæ дæр уæхæн тохи уавæрти æй: абони Уæрæсей æзнæгтæ æ нихмæ карз тох исаразтонцæ, аллихузон фудракæндитæй архайунцæ нæ исæдзæллаг унбæл. Фал, уæхуæдтæ 'й уинетæ, неци рауайдзæнæй сæ фудвæндитæй. Уой син нæ бæсти Президент **Владимир Путин** цал æма цал хатти – кæми федар загъдæй, кæми ба бæлвурд гъуддæгутæй балæдæрун кодта. Уотæ – мæнæ æрæги Петербурги ци аллианзон экономикон форум арæзт æрцудæй, уоми æ радзубандий (уой фæдбæл æрмæг мухур кæнæн абони 2-аг фарсбæл). Æ загъд адтæй: Уæрæсей Бон æй цийфæнди ралхъевæ-балхъевити нихмæ федарæй фæллæуун, æма æ размæцуди æнтæстгин ун. Уæхæн нифс ба уомæй æй, æма нæ дзилли еудзийнадæ æндон æй, нæ тæлæн æй нæ Фидибæсти хуæрзагадæ æма æнæмæнгæ уæлахезон ке уодзæнæй, е ни федарæй æруагæс кæнуй.

Еугæр нæ дзубанди Нартæй райдæдтан, уæд кæронбæттæни æримисæн еу хабар – айразмæ дæр ин æ кой кодтан, фал ма 'й еума хатт ракæнун бунати уодзæнæй. Цæветтонгæ, Нарти гуппурсартæ æмбурдæй бадтæнцæ сæ къæлæтгин къелатæбæл. Тæрхон кодтонцæ сæ дзилли гъуддæгути фæдбæл.

– Нартæ Нартæ уæд адтæнцæ, арв дæр си нæрун уæд не 'ндиудта, æма мæлун ку зудтонцæ сæ дзилли сæрбæл, алке си æхебæл хуæцун ку фæразта. Нартæ Нартæ уæд адтæнцæ, æма нæртон адæймаги цъухæй рæстдзийнадæй æндæр ку неци игъустæй. Нæ дзиллæ дзиллæ уæд адтæнцæ, æма сæ сæр сæрмæ ку хастонцæ.

Уотæ радзурдта Нарти æмбурди еу хестæр.

– Адæм хицæ уæд кодтонцæ Нартæмæ, сæ хуарзи кой идардмæ уæд игъустæй Нартæн, сæ губунбæл хуæцун ку фæразтонцæ, ниуæзтæй сæхе ку гъæуай кодтонцæ, ронгæй сæ бæрцæ ку зудтонцæ; аци рæстæги хузæн сæ мæрдти къоти ку нæ калдтонцæ ниуæзтæ æма хуæрдæбæл, æнæгъдау фурниуæзтæй се 'фсармæ ку нæ исафтонцæ, сæ зунд, се 'хсарæ ку нæ састонцæ.

Уотæ загъта дуккаг хестæр:

– Нæ адæм адæм уæд адтæнцæ, æма кæстæр хестæри ку нимадта, кадæ ин ку лæвардта, кæрæдземæ ку игъустонцæ; силгоймаги туххæй æ цæсгон ку неке исафта.

Уой радзурдта æртиккаг хестæр...

Аци хабармæ гæсгæ уой зæгъуйнаг ан, цæмæй нæмæ зунд æма уоди хъаурæ фагæ разинна, Нарти хестæртæ ци хуæрзменеугути кой кодтонцæ, уонæй æнхæст унæн, уонæй нæ ирисхъи хабæрттæ æнхæстæй аразунгъон куд уæн!.



**БÆРÆГБОНИ АРФÆ**



## САБУР ÆМА ФÆРНÆЙДЗАГ УÆД НÆ ЦАРД!..

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** нæ республики дзиллæн зæрдиагæй арфæ кæнуй Уæрæсей Бони фæдбæл. Æ арфи нистауæни уотæ баханхæ кодта:

– Аци бон нин ес никкидæр ма еу рæуагæ, цæмæй æримисæн нæ цитгин бæсти гъæздуг истори, æ намусгин евгъуд рæстæг æма дуйней цивилизацимæ ци æнæсеккаг агъазиау æвæрæнтæ бахаста, уой. Уæрæсей Бон – е уотид хумæтæг къæлиндарон бон нæй. Е æй сæребарæдзийнади, еудзийнади æма нæ Райгурæн бæстæй сæрустурдзийнади бæрæгбон. Е æй нæ размæцуди æма хуæдбарæдзийнадæмæ тундзундзийнади нисанеуæг. Æма, гъай-гъай, нæ берæнацион адæмæн кадæ кæнун, кæцитæ сæ уодуæлдай фæллойнæй, сæ искурдиадæй æма лæгдзийнади фæрци аразтонцæ, гъæуай кодтонцæ æма кæнунцæ нæ Фидибæстæ. Нæ фидтæлти устур гъуддæгутæй райдайæ æма нуриккон зонадон, культурон æма техникон æнтæстдзийнæдти уæнгæ – мах сæрустур ан, нæ цитгин бæсти æнæфæххецæнгæнгæ хай ке ан, уомæй, æма лæдæрæн нæ бæрнондзийнадæ æ нури æма æ исонибони фæдбæл.

Лæдæрæн æй, нæ хъаурæ нæ еудзийнади ке æй, уой. Истори еу æма дууæ хатти нæ исбæрæг кодта: айдагъдæр кæрæдзей лæдæргæй, кæрæдзебæл федар баст уогæй, Уæрæсей адæм ке уодзæнæнцæ æнæбасæтгæ.

Абони нæ тугъдонтæ раззаг ханхæбæл лæугæй, æвдесунцæ еудзийнадæ, гъæуай кæнунцæ нæ бæсти хуæдбарæдзийнадæ æма æдасдзийнадæ, фæскъилдун ка 'й, еци дзиллæ ба агъаз кæнунцæ фронтæн. Федарæй ми æруагæс кæнуй е, æма еумæйагæй цийфæнди зинддзийнæдтæбæл дæр ке фæууæлахез уодзинан.

Хъазар æмбæлттæ!

Мæ зæрдæ уин зæгъуй уæхецæн дæр æма уæ бийнонтæн дæр федар æнæнездзийнадæ, сабур æма фæрнæйдзаг цард, берæ хуарздзийнæдтæ æма устур амонд. Уадзæ æма нин нæ Уæрæсе æма Иристонæй сæрустурдзийнадæ дæттæд фулдæр хъауритæ, цæмæй никки агъазиаудæр æнтæстдзийнæдтæ нæ къохи æфтуйа. Уæрæсей Бони хуарзæнхæ уæ уæд!..»

*Алексей ТОЛСТОЙ (1883-1945), писатель: «Патриотизм – это не значит только одна любовь к своей родине. Это гораздо больше … Это – сознание своей неотъемлемости от родины и неотъемлемое переживание вместе с ней ее счастливые и ее несчастных дней…»*

# «РОССИЯ ПРОДОЛЖАЕТ УКРЕПЛЯТЬ СВОЙ СУВЕРЕНИТЕТ!..»

Девиз Петербургского международного экономического форума в этом году – «Прагматичный диалог – путь к стабильному будущему». В Санкт-Петербург для участия в нем приехали свыше 20 тысяч человек из 130 стран. В пленарной сессии, помимо главы нашего государства Владимира Путина, приняли участие президенты Узбекистана и Танзании Шавкат Мирзиеев и Самия Сулуху Хассан, а также заместитель председателя КНР Хань Чжэн. Модератором стала журналистка India Today Group Гита Мохан.

На пленарной сессии Владимир Путин выступил с большим докладом, выдержки из которого предлагаев вашему вниманию.



## «УВЕРЕН,ЧТО ДВИЖЕНИЕ ВПЕРЕД И ВВЕРХ БУДЕТ ОБЕСПЕЧЕНО!..»

«Европейские элиты провоцируют хаос, в который пытаются втянуть все новые и новые страны», – констатировал Путин. Эти процессы – следствие крупнейшей за последние десятилетия структурной трансформации. «Происходит именно изменение самой парадигмы глобального развития», – сказал он. Прежняя конструкция использовалась как инструмент политического давления и недобросовестной конкуренции, наказывала тех, кто решил действовать в своих национальных интересах. «То есть, по сути, это была специально созданная система зависимости и выкачивания ресурсов», – оценил президент.

«Россия оценивает глобальные перемены не только как угрозу, но и как колоссальные возможности», – продолжил Путин. Мир переходит от вертикальной иерархической модели, которая работала в интересах отдельных государств, к более сложной, распределенной и многополярной, заявил он. Структура роста меняется в пользу новых центров развития стран Глобального Юга: 49% ежегодного прироста мирового ВВП за пять лет обеспечено государствами БРИКС, а вклад «Большой семерки» – 18%.

«Глобальная торговая система перестает быть западноцентричной», – констатировал Путин.

«Санкции и блокировка, а по сути, воровство международных резервов России, необратимо повлияли на позиции мировых валют: доллара и евро», – констатировал он. Путин подчеркнул, что «миру нужна современная, гибкая и ответственная финансовая архитектура, без рисков, запретов и преград, а со стимулами для суверенного развития».

Меняется и технологическое лидерство. У Китая больше всех патентов в сфере искусственного интеллекта, Индия – один из ведущих игроков IT-индустрии, у России высокие позиции в темпах внедрения цифровых платформ, торговых маркетплейсов, решений в финансовой сфере, в области городских сервисов, здравоохранения и образования, лидерство в сфере атомной энергетики, перечислил президент.

В непростых условиях Россия продолжает укреплять суверенитет, при этом расширяя круг партнеров. И напомнил, что перед правительством поставил задач – со следующего года вернуться к устойчивым темпам роста экономики. Сделать это можно, только запустив новый инвестиционный цикл, считает президент. «Важно, чтобы экономический рост был сбалансирован, опирался на внутренний спрос, сочетался с дальнейшим снижением инфляции», – сказал Путин. И при этом подчеркнул: «Уверен, что движение вперед и вверх будет обеспечено!..»

## «ТОЛЬКО В СЛУЧАЕ ВЫСОКОГО КАЧЕСТВА ЖИЗНИ НАША СТРАНА БУДЕТ КОНКУРЕНТОСПОСОБНА...»

Президент рассказал, какой суверенитет нужен России. Суверенная экономика опирается на использование передовых решений, которые переводят многие процессы в автоматический режим. У России заметные результаты в платформизации, динамика роста электронной коммерции – порядка 30% в год, наша страна здесь в числе глобальных лидеров. Путин попросил кабмин подготовить национальные стратегии по автономным системам и цифровым платформам. Суверенитет страны определяют люди, считает президент. «Только в случае высокого качества жизни и высоких зарплат наша страна будет конкурентоспособна», – сказал он. В России один из самых низких уровней безработицы среди промышленно развитых стран – примерно 2,2% экономически активного населения. За пять лет зарплаты выросли в реальном выражении более чем на 30%.

Важно, чтобы экономический рост был сбалансирован, опирался на внутренний спрос, сочетался с дальнейшим снижением инфляции

Президент пообещал продолжить финансовую поддержку регионов, в том числе по линии инфраструктурных бюджетных кредитов, – до 2030 года планируется направить еще 750 млрд рублей. Он напомнил, что договорились о переезде крупных госкомпаний и корпораций из Москвы в регионы.

«Сильная, суверенная, динамичная экономика означает развитие частной инициативы», – продолжил президент. Он поручил подготовить концепцию плавного перехода от самозанятости к индивидуальному предпринимательству, а затем к компании, а также попросил внести поправки, чтобы отложить – «чем дальше, наверное, тем лучше» – снижение порога выручки для упрощенной системы налогообложения.

Сильная, суверенная страна не может быть закрытой, подчеркнул президент. Первый же вопрос от модератора как раз прозвучал об изоляции, на что он ответил, что ее и не было. Россия до сих пор поставляет уран в США, не прекращаются энергопроекты на Дальнем Востоке со странами, которые формально объявили о выходе из них. Идет сотрудничество со странами Африки и Азии, с соседними государствами.

## « ОБРАЩАТЬСЯ НУЖНО НЕ К ЛЮБИТЕЛЯМ ЭПИСТОЛЯРНОГО ЖАНРА, А К НАШИМ БОЙЦАМ НА ПЕРЕДОВОЙ!..»

Модератор спросила про открытое письмо украинского лидера Владимира Зеленского с предложением встретиться и прямыми угрозами. Путин прокомментировал ряд высказываний. В частности, про возраст. «В моем возрасте и многие другие политические деятели осуществляют свои функции, и некоторые постарше меня», – напомнил он, добавив, что главное – дееспособность и работоспособность. Комментируя время пребывания у власти, президент РФ дал совет не бояться идти на выборы: «Потому что, если удерживать власть вне рамок Конституции, это называется узурпация власти».

Путин также сказал, что ему непонятно, почему автор письма считает, что не надо следовать договоренностям Анкориджа, а надо искать гарантов возможных договоренностей между Россией и Украиной в Европе. «Оружие хотят получать из Соединенных Штатов, а видеть администрацию США и президента Трампа в качестве гарантов почему-то не хотят», – заметил он. Путин прокомментировал и внешний вид Зеленского, напомнив, как в США ему пеняли на дресс-код, добавив, что в плане манер есть еще над чем поработать.

Владимир Путин сказал, что в письме Зеленского есть «элементы хамства», и заметил, что это не способ создания условий для личных встреч, а создание обстановки, при которой они невозможны. «И поэтому обращаться нужно не к авторам этого письма, не к любителям эпистолярного жанра, а к нашим бойцам на линии боевого соприкосновения», – заявил он. Что и сделал под овации: «Товарищи солдаты и матросы! Товарищи старшины и мичманы! Товарищи офицеры, адмиралы и генералы! Вся страна смотрит на вас, вся страна гордится вами и надеется на вас. Работайте, братья!»

«Вы не встретитесь с автором письма?» – уточнила Мохан. «Пока не вижу смысла», – прямо ответил Путин.

На вопрос, каких целей Россия хочет добиться до того, как будет достигнуто мирное соглашение, президент снова вернулся к письму Зеленского, где упоминался Донбасс, и напомнил, что ЛНР полностью контролируется российскими войсками, а в ДНР под контролем киевских властей осталось меньше 15% территории. «Вот мы движемся спокойно, но уверенно к решению этих задач, и нет сомнений, что мы этого добьемся», – сказал он. Некоторых других задач Россия будет добиваться уже на переговорном треке – речь о денацификации, пояснил Путин.

## ЦЕЛИ СВО БУДУТ ДОСТИГНУТЫ

Президент ответил на вопрос, как инвестировать в Россию на фоне атак на критическую инфраструктуру со стороны Украины. «Когда инвесторы принимают инвестиционное решение, они оценивают всю совокупность рисков», – напомнил он. Россия будет укреплять системы ПРО и ПВО, но бизнес ориентируется на длительную перспективу и на экономику, а она развивается и все стабильно.

«Что касается боевых действий, мы исходим из того, что они когда-то завершатся и, безусловно, завершатся при достижении нами поставленных перед собой целей», – подчеркнул Путин. А санкции больше вредят тем, кто их вводит. «Нам заморозили 300 млрд, а у нас сейчас уже свыше 500 млрд, если в долларовом эквиваленте считать», – заметил он. При этом в еврозоне ущерб от санкций против России – 1,5-2,5 трлн евро. Но сейчас многие приходят к мысли, что лучше вернуться к сотрудничеству с российскими партнерами, сказал президент.

## «У НАС ОЧЕНЬ МНОГО ИДЕЙ, КОТОРЫЕ НАДО ОБСУДИТЬ МЕЖДУ НАШИМИ СТОЛИЦАМИ...»

На форум впервые за почти десять лет приехала делегация США, ее руководитель, глава комиссии по изящным искусствам США Родни Кук передал Путину приветствие «от вашего хорошего друга – президента Трампа». «Я воодушевлен всем, что я вижу, с тех пор как приехал сюда», – восхитился он. «У нас очень много идей, которые нам предстоит обсудить в последующие недели между нашими столицами», – добавил Кук. «Передавайте “ответную шайбу” президенту Трампу», – поблагодарив, заметил Путин.

Были на ПМЭФ и европейцы, им тоже дали слово на пленарном заседании. Президент согласился с экс-главой МИД Австрии Карин Кнайсль, что мир должен подумать, как ограничить применение в отношении мирных граждан средств вооруженной борьбы. В основном на Украину БПЛА поступают из западных стран, напомнил он. Реакция должна быть – укрепление системы ПВО, сказал Путин и подчеркнул, что «на той стороне» нет производства таких средств поражения, которые есть в России, – гиперзвукового оружия, крылатых ракет и других. Например, «Орешника».

***Публикация подготовлена по материалам из открытых источников.***

**Девяносто лет назад, 13 июня 1936 года Северо-Осетинский обком ВКП(б) утвердил постановление об издании проекта Конституции на осетинском языке.**

# ÆМГУСТАДИ РАВГИТИ ФÆРЦИ ФУЛДÆР ÆНТÆСТДЗÆНÆЙ



Зундгонд куд æй, уотемæй Петербурги экономикон форуми архайдтонцæ Цæгат Иристони минæвæрттæ дæр. Уоми син ци берæ аллихузон фæмбæлдтитæ адтæй, уони рæстæги федаргонд æрцудæй æмгустади бадзубандигæндтæ аллихузон регионтæ æма кустадон еугæндти хæццæ.



Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** форуми фæстæй еуеми æнæнхæст баргин æхсæнадæ «Газпром межрегионгаз»-и генералон директор **Сергей Густови** хæццæ фембæлгæй, зæрдиагæй райарфæ кодта, Цæгат Иристони фæстаг æнзти ци устур куст бакодтонцæ, уой туххæй. Фæстаг фондз анзей дæргъи региони еугурафонон курорт «Мамисон»-и уæнгæ æвæрд æрцудæнцæ хизтæ, исаразтонцæ гази хæтæл газдæттæн станцæ «Зæрæмæг»-мæ, Алагири райони фараст гъæуемæ газ уагъд ке фæрци æрцудæй, гази уæхæн хæтæл.

Нæ республики 2030 анзи уæнгæ ма гъæуама газ бауадзонцæ Алагир æма Ирæфи районти 18 гъæуемæ, альпинистон базæ «Коми-Арт»-мæ, æртæ газдæттæн станций ба нæуæгæй райараздзæнæнцæ. Горæтгæрон райони гази хæтæл-бæттæн исараздзæнæнцæ, цæмæй цæргутæн газ æнæкъулумпитæй лæвæрд цæуа.

Социалон догазификаций программи фæлгæти республики цæргутæй æрбацудæй цуппар мин курдиади. Газ уагъд æрцудæй 2,9 мин хæдзаремæй фулдæремæ, аци программæ æнхæст кæнунæй Цæгат Иристон хаст æрцудæй нæ бæсти дæс хуæздæр регионей хигъдмæ.

Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло æма Хонсар-Нигулæйнаг Сбербанки сæрдар **Анатолий Песенников** бафистонцæ дувæрсуг бадзурд цифрон технологити къабази æмгустади туххæй мадтæлон æвзаги хæццæ кусти. Бадзурди нисан æй мадтæлон æвзаги ирæзт æма æ рацуд устур цифрон фæзтæмæ.

Сбер регионæн информацион æма консультацион æгъдауæй фæййагъаз кæндзæнæй, исараздзæнæй экспертизæ æвзагбæл косунмæ машинтти фæрци. Республикæ ба исæмбурд кæндзæнæй æма бацæттæ кæндзæнæй гъæугæ бæрæггæнæнтæ æвзаги туххæй. Бадзубанди ма кодтонцæ цифрон æгъдауæй фарстатæ лух кæнуни фæдбæл еумæйаг косæг фембæлдтитæ æма цæлхæмбурдтæ аразуни туххæй.

– Нæ сæйраг нисан æй мадтæлон æвзаги корпус исаразун, – загъта Сергей Меняйло. – Е æй, нуриккон ИИ-модельтæ кæбæл ахур кæндзæнæнцæ, тексттæ æма бæрæггæнæнти уæхæн агъазиау базæ. Идарддæр е агъаз уодзæнæй цифрон сервистæн мадтæлон æвзаг хуæздæр лæдæрунæн æма æ хæццæ косунæн. Махæн нæ мадтæлон æвзаг айдагъ кæрæдзей хæццæ дзорунæн нæй. Е æй нæ истори, культурæ, фæлтæрти бастдзийнадæ. Архайæн уобæл, цæмæй мадтæлон æвзаг айдагъдæр киунугути ма цæра, фал – нуриккон цифрон æхсæнади дæр – лæдæронцæ ’й фæсевæд, дзоронцæ ибæл аллибон.

Уомæй æ хæццæ арази уогæй, Анатолий Песенников дæр загъта:

– Æвзаг айдагъ дзорунмæ нæй, е адæмæн æй сæ уод, сæ истори æма культурон код. Нæ ихæс æй, цæмæй технологитæ лæггадæ кæнонцæ, айдагъ экономикæн нæ, фал адæми культурон бунтæ багъæуай кæнунæн. Мадтæлон æвзагæн ес дессаги литературæ, æма махæн æхцæуæн æй цифрон федæн ин исаразун. Республики Хецауади хæццæ еумæ нейрохизти исахур кæндзинан мадтæлон æвзаг лæдæрун æма ибæл дзорун, цæмæй æвзаг ирæза цифрон доги, Цæгат Иристони цæргутæн ба сæ бон уа нуриккон технологитæй пайда кæнун сæ мадтæлон æвзагбæл, – загъта Анатолий Песенников.

Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло æма Республикæ Адыгейи Сæргълæууæг **Мурат Кумпилов** бафинстонцæ регионти ’хсæн æмгустади туххæй бадзурд. Уоми куд амунд æрцудæй, уотемæй фæуурухдæр уодзæнæнцæ базарадон-экономикон, наукон-техникон, культурон æма гуманитарон къабази бастдзийнæдтæ.




Форуми рæстæг Цæгат Иристони æма акционерон æхсæнадæ «ВымпелКом»-и (бренд «Билайн») ’хсæн æмгустади бадзурд бафинстонцæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло æма компаний генералон директор **Сергей Анохин**. Бадзурди бундорбæл «ВымпелКом»-и телекоммуникацион инфраструктурæ Цæгат Иристони фæзуати фæппарахатдæр уодзæнæй æма фадуат ратдзæнæй мобилон бастдзийнади хуæрзгъæдæдзийнадæ фæббæрзонддæр кæнунæн республики районти. Царди уагъд цæудзæнæнцæ инновацион проекттæ нуриккон технологити бундорбæл, уой хæццæ, аразгæ интеллектæй пайда кæнгæй дæр. Нæуæг технологитæ гъæуама бахъæртонцæ медицинæ, туризм æма адæми цардиуагæмæ дæр.

– «Билайн»-и хæццæ еумæ косдзинан Цæгат Иристони цифрон экономики ирæзтбæл, мобилон бастдзийнади хуæрзгъæдæдзийнадæбæл. Еугур хъауритæй дæр архайдзинан, аци бон ци бадзурд бафинстан, уони цубур рæстæгмæ исæнхæст кæнунбæл, – загъта Сергей Меняйло.

– Дузæрдуггаг нæй, Сергей Анохин куд бахахæ кодта, уотемæй се ’мгустадæ республикæн ке фæййагъаз уодзæнæй региони бизнес, паддзахадон хецаудзийнади оргæнтæ æма социалон къабази ирæзтæн.

Фæббæрæг кæнун гъæуй уой, æма «Билайн» ке парахат кæнуй æ 4G хизæ республики, бастдзийнадæ ефтонг кæнуй туристти уарзон бунæттæ, уони хæццæ хуæнхаг курорттæ «Мамисон» æма «Цъæй».

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ***



## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Дунти гъæуи еу синхи цардæй рацæргæ кизгæ. Æма синхи кизгуттæй еске киндзи ку цæуидæ, уæд имæ æхе бакъолæ кæнидæ. Еу кæми адтæй, уоми сæ синхонти кизгæ Хъаллæ киндзи цудæй. Киндздзæгтæ ибæл искодтонцæ. Каргун кизгæ ин æ къæртрæзтæбæл æ къох æрсæрфта æма имæ еци мæтъæлхузæй исдзурдта:*

*– Ци хъал дæ, Хъаллæ, киндзи ка цæуй!..*

*Хъаллæ ин сосæггай æ гъоси бадзурдта:*

*– Гъуди дæр æй ма кæнæ… Дæу амонд дæр райгъал уодзæнæй. Æма дæ кедæр лæхъуæн æ хæдзарæмæ ниффардæг кæндзæнæй…*

*– Кенæ ба ин ци загъдæуа еци амондæн: кæд ци тар мæрдвун бацæй. Ацал-ауал анзи ин æгириддæр райгъал уæн ку нæбал ес, – гъæрæй загъта рабадгæ кизгæ æма, уати лæуугæ адæми е рæмбуйникъæдзæй æнсæндгæ зæрдмæгурæй æ хæдзарæмæ рараст æй…*

* * *

Еци мæгурдæйраг кизги уавæри ан мах дæр, хумæтæг дзиллæ – нæ царди гъуддæгутæ кæмæй аразгæ ’нцæ, етæ нин еудадзуг зæрдитæ æвæрунцæ, тагъд уæ амонд райгъал уодзæнæй æма уæ ирисхъитæ фæрнæйдзаг фестдзæнæнцæ... Фал сæ еци дзубандитæй неци сойнæ ратæдзуй... Уогæ, æвæдзи, аразуйнаг дæр неци фæуунцæ... Æма сæ æдзæсгондзийнадæбæл басæттуни бæсти сæхе рæститæ кæнун байдайунцæ аллихузон рæуæнттæй... Мах ба уонæмæ ести хуарзмæ æнгъæлмæ кæсæн…



**Андрей ИСАЕВ, Паддзахадон Думи депутат Уæрæсей Президент Владимир Путини фæдзæхстити фæдбæл кæддæр уотæ загъта: «Паддзахадон Думæ æнæдзебæлæй бавналдта, нæ бæсти цæргути цардиуаги хуæрзгъæдæдзийнадæ фæххуæздæр кæнуни туххæй махæй ци аразгæ ’й, еци гъуддæгутæ æнхæст кæнунмæ…»**

– Думæ еудадзуг цæмæ «цæттæ» фæууй, е ба зундгонд æй – паддзахеуæггæнгутæн коммæгæс ун, уони зæрдæмæ фæццæун, уой хæццæ ба сæхе пайдайæн унаффити фарс фæуунмæ… Думи депутаттæ уоми ке фæрци æрбадтæнцæ, еци æвзаргути сагъæстæ ба сæмæ уоййасæбæл нимади дæр нæ ’нцæ.



**Владимир ВОЛКОВ, политик: «Дуйней берæ æвзæгти дзурдтæ «чиновник» æма «афицер» æмзæлон æнцæ. Уомæ гæсгæ ба нæ бон æй уотæ зæгъун, æма гъæуама дзурдæуа чиновники номи æнæмæнгæ кæдзосдзийнадæбæл…»**

– Дзорун æнгъезуй, фал, афицер, æ номи кæдзосдзийнадæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау æхе фехсун ку исфæндæ кæна, уæд, куд рæсттъæпп, уотæ ин бантæсдзæнæй... Фал чиновник ба æнæфсæддон нæ уогæй, æхе нæ раргъæва. Уогæ кæд æма кæми фæууидтайтæ, æ номи кæдзосдзийнади фæдбæл æхе фехсунбæл ка исарази æй, уæхæн чиновник? Кæд, ка ’й зонуй, мæлæти цъухмæ бацæудзæнæй, уæддæр еунæг уавæри – фулдæр мулкити сæрбæлтау хъазауати – æма е ба æндæр гъуддаг æй.



**Павел КРАШЕННИКОВ, Паддзахадон Думи паддзахадон арæзтадæ æма закъонæвæрунади Комитети сæрдар: «Гъуддаги цæстингасæй, гъай-гъайдæр, цийфæнди закъонтæ дæр есун гъæуй ирдгæ сæрæй (гъома, рагъудикондæй – *Ред.*) Лæмбунæгæй сæбæл бакосуни фæсте…»**

– Бæргæ, уотæ ку уайдæ, фал… Паддзахадон Думæй ци закъонтæ рацæуй, уонæй сæ фулдæремæ гæсгæ адæймаг ниддестæ уй: ка сæ исфедар кæнуй, уонæбæл сæртæ ес, кæд ес, уæдта си рæстзунддзийнадæй ести ес? Мæнæ бабæй æрхæстæг æнцæ Думæмæ æвзурститæ, æма æвзаргутæ кæдимайди ба зундгиндæр разинниуонцæ, расагъæс кæниуонцæ, се ’ууæнки аккаг ка ’й æма Думи æцæгæй сæ сæрбæлдзорæг ка уодзæнæй, уобæл…

**Финддæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1931 анзи 18 июни) хаст æрцудæй унаффæ сахар Владикавкази (Дзæуæгигъæуи) радиофедеундзийнадон (оссаг æвзагбæл) станцæ исаразуни туххæй. Уомæй райдæдта Цæгат Иристони радиофедеундзийнади анзфинст.**

**КОЧЫСАТЫ Мухарбег (1920-1944), поэт: «Ирыстон, мӕ уарзон ныййарӕг, нӕ хӕхтӕм куыд бырста ызнаг. Кӕйдӕртау нӕ фӕлыгъттӕн тохӕй. Нӕ бамбӕхстон пыхсы мӕ сӕр. Дӕ хъахъхъӕнӕг, сау айнӕг хохау, ӕрлӕууыдтӕн фидар ӕз дӕр...»**

# ДЗИЛИХТИ ИНӔЛАР


ДЗИЛИХТИ Михал
ЦӔГӔРАТИ Максим

*Идарддӕр мухур кӕнӕн Цӕгат Иристони адӕмон финсӕг Цӕгӕрати Максими (1916-1990) имисуйнӕгтӕ нӕ номдзуд балхон, Устур Фидибӕстон тугъди ӕхсаргин архайӕг, инӕлар Дзилихти Бабуй фурт Михали (1916-1984) туххӕй. Сӕ райдайӕн ба кӕсетӕ нӕ газети айразмӕ номери.*

### «МАХ ДӔР НЕКӔМӔЙ ФӔСТАГДӔР БАЙЗАЙДЗИНАН!..»

Еу уӕхӕн изӕр Габисти хӕдзарӕй рахизтан. Се 'ртӕ биццеуи – Роман, Аврам ӕма Захар – адтӕнцӕ тугъди. Зудтан, Аврам ӕма Захар ке фӕммард ӕнцӕ, ӕма син сӕ мади бабӕрӕг кодтан. Зӕрдитӕ ниддор ӕнцӕ, дзурд ни некӕмӕй хаудтӕй, уотемӕй рацудан гъӕунгӕмӕ. Аврами мадӕ цавддорау лӕудтӕй сӕ дуармӕ. Синхи уоститӕ нӕ фӕсте мӕтъӕлӕй кастӕнцӕ. Цалинмӕ, Хъурупси дони сӕрмӕ ци нарӕг гъӕдин хед адтӕй, уой размӕ не 'рбахъӕрттан, уӕдмӕ ни хъип-сун некӕмӕй бал исхаудтӕй.

– Сумахӕн нӕ зонун, фал мӕнӕн мӕ бон нӕбал ӕй,- фӕстагмӕ загъта Хайло. – Уотӕ мӕмӕ кӕсуй, цума не 'мӕрттиисӕфти ӕз дӕр цидӕр фудгин дӕн... Уӕдта нӕ дзубандитӕ... Нифсӕвӕрӕнтӕ... Уомӕй дӕр комкоммӕ...

Ислам ниууолӕфтӕй:

– Раст зӕгъис... Цума син сӕ мастбӕл цӕнхӕ кӕнӕн...

Еци изӕрӕй фӕстӕмӕ ни гъӕунгӕмӕ кӕсгӕ дӕр некебал ракодта.

Кӕд мӕгур дзаман адтӕй, кӕд рӕстӕг еци еухузон ӕнтъуснӕг хаста, уӕддӕр еци къуӕре кӕбӕлти ратахтӕй, уой лӕдӕргӕ дӕр нӕ бакодтан. Ислам ӕма Махар се 'фсӕддон хӕйттӕмӕ рандӕнцӕ. Ӕрхӕстӕг ӕй мӕн ӕма Хайлой ӕмгъуд дӕр. Дууӕ бони ма нӕ гъудӕй, уотӕ райони ӕфсӕддон комиссармӕ иссудан. Саулагъз, къӕсхуртӕ капитан. Ӕ цонг ӕма ӕ къохи ӕнгулдзитӕ цалдӕр рауӕни пурхитӕ. Еу хабар си хъӕбӕр цӕмӕдесӕй дзурдтонцӕ адӕм. Цӕветтонгӕ, Хетӕги бони сӕумӕй Хетӕги къохи байлӕудтӕй. Ӕ зӕронд бидарки сӕрмӕ исхизтӕй ӕма байдӕдта дзорун:

– Хуарз адӕм, Уасгерги тугъдон лӕг адтӕй. Нӕ фӕсевӕдӕй нуртӕккӕ тугъди будури немуцаг фашистти нихмӕ бӕгъатӕрӕй ка тохуй, етӕ ибӕл кӕддӕриддӕр сахе бафӕдзӕхсунцӕ. Сӕхецӕн си нифс райсунцӕ. Ӕрбакӕсайтӕ мӕнӕ мӕ цонги пурхитӕмӕ, мӕ бауӕри арф ностӕмӕ. Ци уин ӕй сосӕг кӕнон, атаки размӕ дӕр, мӕ уӕззау цӕфти рӕстӕг дӕр мӕ фиццаг дзурдӕй ин ӕ рохс ном иссирдтон... Цӕмӕй нӕ бӕгъатӕр Сурх Ӕфсад никки федардӕр уа, знаги ниппурхӕ кӕна, уой туххӕй советон адӕм ӕгириддӕр нецӕбӕл ауӕрдунцӕ. Удуӕлдай кустӕй уӕлдай ма етӕ, берӕ ӕнзти ци ӕхцати мортӕ фембурд кодтонцӕ, уонӕй ӕлхӕнунцӕ танкитӕ, хуӕдтӕхгутӕ. Гъӕуама мах дӕр фӕсте ма байзайӕн, еци устур гъуддаги. Абони Хетӕги бон ӕй, ӕ ковӕндони ке ӕрӕмбурд кӕнӕн, еци ӕхцатӕй ӕлхӕд тохӕнгӕрзтӕ сӕ гъуддаг бакӕндзӕнӕнцӕ тугъди будури.

– Раст загътай Бӕдтийфурт! Мах дӕр фӕстегӕй нӕ байзайдзинан! – дзурдтонцӕ аллирдигӕй. – Ӕцӕг, еу гъуддаг ма... Беретӕ сӕ хӕццӕ ӕхца нӕ рахастонцӕ, ӕма...

– Мах ӕрдигӕй изӕри уӕнгӕ ами уодзинан, – бидарки сӕрбӕл лӕудтӕй, уотемӕй гъӕрӕй дзуапп равардта Бӕдтий-фурт.

Изӕрмелти райони тугъдон комиссар Бӕдтиати Барис ӕма е 'мбӕлттӕ Алагири банкмӕ голлаги идзаг ӕхца ӕрбаластонцӕ.

...Барис нӕбӕл хъӕбӕр бацийнӕ кодта. Еуцӕйбӕрцӕдӕр еумӕйаг дзубандитӕбӕл рафӕстеуат ан, уӕдта нӕ гӕгъӕдитӕбӕл ӕ къох бафинста, мухур сӕбӕл ӕрӕвардта, зинна-нӕзинна бахудтӕй:

– Гъаст ми ма ракӕнетӕ... Уе 'мгъуд уин нӕ фӕффулдӕр кодтон…

– Ӕма дӕмӕ уӕхӕн курдиади хӕццӕ ку не 'рбацудан, – фӕйӕйарӕхстӕй Хайло.

– Раст зӕгъун гъӕуй, цӕугӕ уой туххӕй не 'рбакодтайтӕ, фал...

Барис ӕ дзубанди кӕронмӕ нӕ фӕцӕй, уотемӕй телефони хӕтӕл исиста ӕма фӕлмӕн гъӕлӕсӕй дзоун байдӕдта:

– Нинӕ, заманай хинцуйнаг иуазгутӕ. Ду цалинмӕ ести цӕттӕ кӕнай, уӕдмӕ бал мах нӕхе естӕмӕйти райерхӕфсдзинан. Фӕццӕуӕн...

Барис цардӕй комиссариати тургъи ниллӕгсӕр хӕдзари. Ӕ уосӕ, ӕ къохтӕ къинсигъӕстӕ, уотемӕй тургъӕмӕ нӕ размӕ раудӕй. Цума ӕ рагон хуарз зонгитӕ адтан, уоййау нӕбӕл бацийнӕ кодта.

### ИМИСУЙНӔГТӔ




**ДЗИЛИХТИ Михал ӕ рӕстӕги ци имисуйнӕгтӕ бацӕттӕ кодта, етӕ фиццаг мухургонд ӕрцудӕнцӕ журнал «Мах дуг»-и (1985 анзи 4-аг номери), уой фӕсте ба (1986 анзи) хецӕн киунугӕй сӕ рауагъта Цӕгат Иристони киунугӕуадзӕн рауагъдадӕ «Ир».**

– Батухсун дӕ кодтан, – хатир корӕгау загъта Хайло.

– Ӕндӕр тухст Хуцау ма 'руадзӕд, – бахудтӕй Нинӕ. – Уӕхӕн иуазгутӕ... Максими ма фӕууидтон, фал дӕу ба… – Хайлой 'рдӕмӕ бакастӕй ӕфсийнӕ, ӕма нин сӕ хӕдзари дуармӕ райамудта. – Медӕмӕ рахезетӕ.

Уати финги уӕлгъос ӕрбадтан. Барис, агуайӕн гъосинӕн ӕ дууӕ гъосебӕл ниххуӕстӕй, уотемӕй ӕй стъолбӕл ӕрӕвардта, бахудтӕй ӕма загъта:

– Ардигӕй уин рауадзӕн нӕййес, цалинмӕ гъосин исревӕд уа, уӕдмӕ.

Мах кӕрӕдземӕ бакастан. Хайло бабӕй фӕййарӕхстӕй:

– Тӕрсун, не 'мгъудбӕл ма нин фӕйнӕ еу къуӕрей бафтаун ку багъӕуа, уомӕй.

– Мах хузӕн ӕртӕ уӕйугемӕн мӕнӕ аци нецӕййаг гъосин ци 'й? Цӕмӕй си фӕттарстайтӕ? Баруагъӕс уи уӕд, дуккаг къуӕре ибӕл архайӕн ӕма нин е 'рдӕгмӕ дӕр нӕма фӕцӕй.

Уӕдмӕ е 'ртӕ къерей хӕццӕ уатмӕ 'рбахизтӕй Нинӕ. Нартихуари инсадӕй конд цихтгунтӕн се 'скъудтӕй сӕ цихт ӕндӕмӕ калдӕй. Хуӕрзадӕ ке адтӕнцӕ, уой туххӕй се 'скӕнӕгти цӕрӕнбонбӕл ракувтан. Ке зӕгъун ӕй гъӕуй, баниуазтан Нинӕн ӕхе ниуазӕнтӕ дӕр. Нӕ амондӕн, Барисмӕ райкомӕй ӕрбадзурдтонцӕ. Рӕуонӕ нин фӕцӕй, исистадан мах дӕр. Барис гъосинмӕ бакастӕй, ӕ медбилти бахудтӕй ӕма загъта:

– Исон ба нин кумӕ ледздзӕнӕ? Не 'фсийнӕ, исон изӕрӕй ма нӕ иуазгути фагӕ исуодзинан?..

Дуккаг изӕр нӕ Бӕдтиатӕмӕ нӕбал райевдалдӕй. Мӕ мадӕ Уӕлинкай, уӕдта Хайлой мадӕ Госӕдай нартихуари кӕрдзинтӕ ӕма нин сӕ карки толӕн адгиндӕр разиндтӕнцӕ. Фал нӕ Барис дӕр уотемӕй нӕ ниууагъта: дуккаг сӕумӕ, бон цъӕхтӕ кӕнун ку райдӕдта, уотӕ нӕмӕ Алагири «кукушки» (уотӕ хундтӕй уӕдиккон поезд. – Ред.)станци ӕд хунӕ 'рбалӕудтӕй. Фӕндараст нин загъта. Бариси хӕларзӕрдӕ нӕ уодти байзадӕй.

### НӔ ЕУМА ФЕМБӔЛД МАХАЧКАЛАЙ – РАСУЛ ГАМЗАТОВИ ХӔДЗАРИ

Хайлой инӕлари дарӕси фиццаг хатт уӕд фӕууидтон. Сӕрдӕ ӕ тӕккӕ тӕмӕни ку адтӕй, раст еци афони Махачкалай уогӕй ӕ хӕццӕ исӕмбалдтӕн, ӕнгъӕлдӕн, Расулӕн ӕ дӕс ӕма дууинсӕй анзей бӕрӕгбони. Сӕумӕй мӕмӕ кадӕр иуазӕгути дуар ӕрбахуаста. Исистадтӕн имӕ. Кӕсун ӕма Расули кӕстӕр ӕнсувӕр Гаджи.

– Расул дӕмӕ дзоруй, – еци гъуддагхузӕй загъта Гаджи.

– Кӕми ӕй? – батухстӕн ӕз.

– Нӕхемӕ... Ӕнгъӕлмӕ дӕмӕ кӕсуй...

Нецибал загътон, мӕхе рӕвдзӕ кӕнунмӕ фӕдтӕн. Гаджий ма рафарстон:

– Уотӕ раги...

Е бахудтӕй:

– Махмӕ хор раги искӕсуй.

Иуазӕгути рази хуӕдтолги рабадтан ӕма уайтӕккӕ Расулетӕмӕ балӕудтан. Е тургъи нӕ размӕ фӕцӕй.

– Ӕз ба, зӕгъун, кӕд имӕ нӕ абӕргутӕй еске мӕ разӕй фӕцӕй... Гъӕунгӕмӕ ракӕсӕ-ракӕсӕ кӕнун... – мӕ цонгбӕл мин фӕххуӕстӕй ӕма медӕмӕ бацудан.

Уати бадтӕй тумбулдзӕсгон, бӕзӕрхуг нӕлгоймаг.

– Косолапов, – загъта лӕг мӕ къох мин райсгӕй.

– Зонун дӕ, – дзуапп ин равардтон ӕз. – Мӕ киунугӕ мин ку уагътайтӕ, уӕд исӕмбалдан...

– Киунугутӕ нӕмӕ берӕ цӕуй, адӕм дӕр. Бахатир кӕнӕ, фал сӕ еугурей... – батухстӕй Расули иуазӕг.

Раст адтӕй. Аййевадон литератури рауагъдади хецау. Мӕскуй киунугӕуадзӕн... Сӕдӕгай финсгутӕ. Сӕ еугурей куд бадардтайдӕ ӕ зӕрдӕбӕл.

Фӕстӕдӕр куд базудтон, уотемӕй Косолапов ӕ бийнойнаги хӕццӕ ӕртиккаг мӕйӕ цардӕй Расулетӕмӕ. Куд мин радзурдта, уотемӕй ин рауагъдадӕ цӕттӕ кодта ӕ уадзимисти ӕртӕ томи ӕма уонӕбӕл кустонцӕ.

Цалинмӕ Расули бийнойнаг Патимат ӕма ӕ иуазӕг силгоймаг фингӕ рӕвдзитӕ кодтонцӕ, уӕдмӕ ӕз уатӕй синхӕгти тургъи 'рдӕмӕ ци къӕразгӕ адтӕй, уой фарсмӕ бацудтӕн, кастӕн, хӕдзари дуккаг уӕладзугӕй тургъӕмӕ ци гъӕдин асинттӕ раурдуг ӕнцӕ, уонӕмӕ. Тургъӕ адтӕй нарӕг, ӕнӕ еу бӕласӕ. Тургъӕй асинтти 'хсӕн ниллӕг горен, тарбун къирӕй цӕгд. Расули къӕразгити хуӕдбунмӕ.

Уӕдмӕ асинттӕбӕл фиццаг фӕззиндтӕнцӕ кедӕр цулухътӕ, ӕфсӕддон хӕлаф, уӕдта нӕлгоймаги гурӕ. Астӕуӕй уӕлӕмӕ – игон. Ӕ галеу усхъӕбӕл – хесӕрфӕн. Асинттӕ ӕ къӕхти буни хъис-хъис кодтонцӕ.

– Хайло! – мӕ фурцийнӕй имӕ къӕразгӕ ниххуастон.

Расул мӕ уӕлгъос ӕрбалӕудтӕй. Къӕразгӕ имӕ хуайуй е дӕр. Хайло сагъдӕй райзадӕй, уӕдта нӕмӕ горени сӕрти ӕрбакастӕй. Расул имӕ дзорий:

– Михаил Бабуевич, еблагъуӕ!..

Минкъий фӕстӕдӕр Хайло фӕззиндтӕй еци ӕлвӕстӕй. Инӕлари дарӕси. Силгоймӕгтӕн райарфӕ кодта, иуазӕги къох райста, уӕдта Расулӕн уотӕ бакодта:

– Ду мин хатир бакӕнӕ, Максим дӕр иуазӕг ӕй, – ӕма мӕ ӕ гъӕбеси рӕуӕг фелваста.

Финги уӕлгъос ӕрбадтан. Уӕхӕн дзамани куд фӕууй, уотӕ дзубанди байеудагъ ӕй. Еу уӕлдай дзурд не 'схаудтӕй Хайлой цъухӕй. Еу ӕнаййев ӕвнӕлд дӕр нӕ бакодта фингӕ-

мæ. Мийнаси фæсте тургъæмæ ку рацудан, уæд мин Косолапов аййевæй загъта:

– Дæ лимæн мæ зæрдæмæ фæццудæй. Æвæдзи, ездон бийнонти 'хсæн исгъомбæл æй.

– Гъо. Хумæтæги зæнхкосæги бийнонти 'хсæн.

– Æрдзæй, мади губунæй ке рахæссунцæ, уæхæн ездондзийнадæ, – цума мæнæн нæ, фал æхецæн дзурдта, уоййау ниллæг гъæлæсæй загъта Расули иуазæг.

Расул æма Хайло минкъий æндæдæр бæласи буни лæудтæнцæ. Расул цидæр дзурдта æма худтæнцæ.

– Расули исарази кодтон. Сумахмæ ба куд кæсуй, уæхæн хуарз мийнаси фæсте нæхе денгизи ку рауазал кæниани, уæд? – загъта Хайло.

Дзуапмæ дæр нæбал бангъæлмæ кастæй, хуæдтолгæ 'рбакæнон, зæгъгæ, тургъæй фендæдуар æй... Дуæ хуæдтолгæмæй рандæ ан денгизи билæмæ. Махачкалайæй Дербенти 'хсæн дессаги рауæн æрбунат кодтан. Хъаспий денгиз æ уолæнтæй гъазта. Æ билгæрæнтти борбун æзменсæ хормæ тæмæнтæ калдта.

– Куд æнцæ дæ хабæрттæ? Дагестанæн сæ нæуæг æфсæддон комиссар сæ зæрдæмæ фæццудæй? – денгизæй ку рахизтан æма гъар æзменсæбæл нæхе ку æруагътан, уæд бафарстон Хайлой.

– Уомæн дин, æвæдзи, Расул бæлвурддæр дзуапп раттидæ, – ниуулæфтæй Хайло. – Æфсæддон гъуддаги æнцонæй неци ес… Балæдæрдзинан кæрæдзей…

– Æнæ Оляйæй æрхун кæндзæнæ...

– Куд нæ кæнон. Уæлдайдæр сувæллæнттæ. Гæнæн нæййес… Уогæ аци дууæ бони мин фатер ратдзæнæнцæ æма уæд...

– Хуæнхти нæма адтæ?

– Адтæн. Гуниби. Сауæнгæ ма Гурдзий арæнмæ дæр бахъæрттæн. Сулаки донæй дæр баниуазтон. Фæззилдтæн Шамили тохæн бунæттæбæл... Даргинаг гъæуи ма мин хъæма дæр балæвар кодтонцæ. Цæнхæ-кæрдзинæй нæ барæвдудтонцæ.

Хайло дзурдта æ хабæрттæ. Æдзинæг кастæй, денгиси уолæнти уорс финкæ æзменсæбæл куд тадæй, уомæ. Еуцæйбæрцæдæр нецибал исдзурдта, цидæр гъудити бацудæй... Æнæнгъæлæги нæбæл денгиз æ уолæнтæ æрбасæххæтт кодта. Æз мæ ходун нæбал бауорæдтон:

– Гъуди ма кæнис, Хъурупси сæрмæ Дорæфтауæни рази ауæдзтæбæл ку бадтан æма нин уолæн нæ хуæруйнæгтæ ку раскъафта, уой?

– Куд нæ! – нихххудтæй Хайло. – Хуцау хуарз, æма ма нин Егор æ къæбæртæй цидæртæ февæридæ, æндæра судæй рамардайанæ.

Сæрди каникулти Дорæфтауæни Æрæдони дони билгæрæнтти Бесолти Егори разамундæй ауазæнтæ куд аразтан, Егор нин нæ бони кустæн æртигай сауæритæ куд фиста, етæ нæ зæрдæбæл æрлæудтæнцæ. Егор нин изæрæй не 'ртигай сауæритæ нæ къохти ку фæссадзидæ, уæд махæй лæгдæр ма кæми уидæ! Тъæбæрттæй нæхемæ балæууианæ.

Нæ гъудити Алагири балæудтан. Хъурупси. Устур æрдози. Æримистан нæ кæсалгахæссæн къотæртæ... Æхсæвæ бæхтæ хезгæй ци арти фарсмæ бадтан, уони, уæдта не 'мгæрттæй тугъди ка бастъалдæй, уони – Басити Дзаххоти, Реуазти Елдзай, Хосати Гапполай... Нæуæгæй бабæй Габисти Захари. Æримистан тугъди хабæрттæ. Уонæн ба кæрон нæбал фæууй. Айдагъ еуей бацудмæ. Æхсæви тари æнæ уæлдай æстуфæй æрбунат кодтан, дони билти ци гъæди нарæг уадздзаг адтæй, уоми. Фæдздзурдтон ротити командиртæмæ. Никкидæр ма син еума хатт балæдæрун кодтон нæ размæ æвæрд ихæс. Бабæрæг кодтон фиццаг роти æфсæддонти. Етæ гъæуама раздæр бампурстайуонцæ дони. Цæттæй сæ баййафтон. Сæ резинæ бæлæгътæ думстæй лæудтæнцæ.

Ниссабур æй бæстæ. Идард кæцæйдæр ма игъустæй еугай гæрæхтæ, автоматти къæркъæр. Дони дæллаг фарсæй арвбæл фæд-фæди фæззиндбæл рауадæй, дони зæйæ æмбохгæ куд ратондзæнæй, е.

Штабмæ рацийæй хабар фегъосун кодтон. Фæдздзурдтон ротити командиртæмæ. Бардзурд равардтон:

– Æсгаргутæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй немуц донмарæнтæ ихалунцæ. Дони зæйæ нæбæл ку рауадзонцæ, уомæй тæссаг æй... Æвæстеуатæй уæ дзармадзантæ, хуæдтолгитæ бæлæстæмæ федар бабæттетæ. Уæхуæдтæ ба æд тохæнгæрзтæ – бæлæстæмæ. Уоми уæхецæн бунæттæ æрцæттæ кæнетæ. Уæ гъос даретæ мæ командæмæ. Цъæх ракетæ.

Адæм талинги куд æзмалкой ракæнæ – æма фæкъкъæрт унцæ. Еу си инней æ фæдбæл раскъæфуй. Æрæдони донæн алли уалдзæг хумæтæги ауазæнтæй æ рохтæбæл ка хуæстæй, еци Бесолти Егори коймæ мин Хайло уæхæн хабар ракодта:



**ДЗИЛИХТИ Михалæн Сталингради тугъди рæстæг е 'хсаргин хъæзауатæн бæрзонд аргъ кæнгæй ин, æ рæстæги аккагонд æрцудæй, аци сахари кадгин гражданини цитгин ном. Æма ами уогæй æ загъд адтæй: «Кæд æма хъæбæр æверхъæу адтæнцæ еци тугъди цаутæ, сæ имисун дæр кæд хъæбæр зин æй, уæддæр зæрдрохс ан уомæй, æма нин ке бантæстæй нæ сæйраг тæлæн: нæ адæмæн, уæлдайдæр ба нæ кæстæр фæлтæртæн сæребарæ æма райдзаст ирисхъи равгитæ цæмæй уа…»**

– Адтæй уалдзæг. 1945 анзи уалдзæг. Не 'фсæдтæ уæлахезгæнгæй æмпурстонцæ, сурдтонцæ фашистон сирди æ талингæ лæгæтмæ. Æз адтæн фестæг æфсæддон полкки командири хуæдæййевæг. Одери донмæ нæ берæ нæбал гъудæй, уотемæй бардзурд райстон: гъæуама финддæсæймаг апърели боницъæхти полкки батальонтæй еуей хæццæ байахæстайанæ Одери билгæрон, уæдта артиллерион нимпурсти фæсте дони иннæ фарсмæ бахизтайанæ, уоми æрфедар адтайанæ нæ иннæ æфсæддон хæйтти æртæнцæ æртæ сурх ракети. Еу си æрдæг сугъдæй нæ бакомкоммæ дони бæрæгастæу исæмбалдæй. «Æвæдзи нæ базудтонцæ», – загътон мæ меднимæр æма сахатмæ æркастæн. Цудæй æхсæви æртиккаг сахат. Еуцалдæр минутти ма æма, нæ разæй ци æсгаргути къуар рарвистон, уой хестæр лæф-лæфгæнгæ мæ уæлгъос æрбалæудтæй:

– Немуц донмарæнтæ ихалунцæ!..

– Бæрзондæй нæбæл нилгæмæ дони зæйæ....

– Рагацау ацирдæмæ къанауттæ ракъæрт кодтонцæ, – загъта лейтенант.

Еуцæйбæрцæдæр сагъдæй райзадан. Раст зæгъун гъæуй, немуц уотæ бакæндзæнæнцæ, уой æнгъæл нæ адтан. «Фæстæмæ нæбал!» – искарстон мæ меднимæр æма мæ цæститæ дæнцæ, дзармадзантæ бæлæстæмæ куд бастонцæ, уомæ кастæн. Уæдмæ мæ гъостæбæл æрцудæй дони хæл-хæл. Хæстæгæй-хæстæгдæр кодта. Цума æцæг зæйæ рацудæй, уоййау зæнхæ æзмалдæй. Хуæдтолгитæ хъан кодта, дзармадзантæ. Дони уæззау цæфтæй диз-диз кодтонцæ нæ буни бæлæстæ. Мæ меднимæри мæстæй фунхтæн нæ артиллеримæ, æрæгæмæ ке æхстонцæ, уой туххæй. Æма мин цума мæ уайдзæфтæ фегъустонцæ, уоййау æмнæрд никкодтонцæ дзармадзантæ, нæмгутæ æскъотгæнгæ нæ сæрти тахтæнцæ æма дони дæллаг фарс бæстæ сæ сæрбæл иситонцæ. Дон уотæ карзæй нæбал æмбухта. «Æвæдзи, нæ сапертæ æрбахъæрттæнцæ», – рагъуди кодтон æз. Кæсун, æма немуци бæлæгътæ хъæбузати хузæн махæрдæмæ 'рбалæгæрдунцæ. Ракетæ хæрдмæ исуагътон. Автоматтæ искъæр-къæр кодтонцæ. Немуц искатай æнцæ. Кæцирдæмæ цæуонцæ, уой нæбал зонунцæ. Фæстагмæ фæстæмæ ледзунмæ фæцæнцæ... Мах бацудмæ нæ артиллери æ куст бакодта. Сугъдæнцæ немуци федæрттæ, пеллон арт уагътонцæ...

Хайло раистадæй. Ниуулæфтæй:

– Фæстæдæр, бон ку æрбацъæх æй, не 'фсæдтæ немуци сæ разæй ку истумбул кодтонцæ, уæд ма бæлæстæмæ фæстæмæ еу каст фæккодтон. Раздæри хузæн фæрсæй-фæрстæмæ лæудтæнцæ, сæ цæнгтæ кæрæдземæ ивазтонцæ. Цума кæрæдзей нихъхъури кæнунмæ гъавтонцæ, уотæ мæмæ фæккастæй: нуртæккæ сæ бунатæй фезмæлдзæнæнцæ, æрбалæгæрддзæненцæ етæ дæр дони сæрти...

Хайло иситадæй, æ уæраги сæрти уæнгæ денгизи бацудæй:

– Мæнæ мæбæл аци «игакæ» дæр уæдæй фæстæмæ байзадæй. Мини æрхъез адтæй æви топпи нæмуг – магъа, – æ цубур хæлафи кæрæнтти хуæдфарсмæ ци тарбун сурх нос зиндтæй, уомæ байамудта инæлар.

– Сталингради бунмæ ку фембалдан, уæд мин дæ полкки туруса дæ уæле тухт ке адтæй, уой куд не 'сгъæр кодтай!

Хайло æ медбилти бахудтæй:

– Æма ма нæ уомæ евдалдæй. Нæбал æй гъуди кæнис, нæ алливарс бæстæ куд сугъдæй, уой? Нæ сæр кæми фæтътъунстайанæ, е дæр нин ку нæбал адтæй.

– Гъо, уомæй раст зæгъис. Уæд ма ма уой æнгъæл адтан, æма дæс æма инсæй анзей фæсте денгизи билæбæл баддзинан.

– Раст зæгъун гъæуй, бустæги æнамонд нæ разиндтан, – загъта Хайло æма æ хабæрттæ идарддæр кодта. – Гъо, æма дин уой ку дзурдтон. Немуц, æвæдзи, сæ кеми 'рцудæнцæ æма нæбæл аллирдигæй никкалдæнцæ. Уæдмæ, сæумæ 'рдæмæ нæхеуæнттæ нимпурстонцæ. Æверхъæу тох… Нæ тугъдон æмбæлттæй си беретæ фæммард æнцæ… Одери билгæрон æнсувæрон цирти сæ байвардтан…

Инæлар æ дзубанди фæцæй, арф ниуулæфтæй. Денгизи уолæнтæмæ æдзинæг кæсгæ байзадæй. Неци имæ исдзурдтон. Еу гъуддаг мæ деси æфтудта: æхе туххæй си æстауæн дзурд дæр не 'схаудтæй. Айдагъдæр – æфсæддонтæ, æ тугъдон æмбæлттæ…

Хор нæ тæккæ сæрмæ нииллæудтæй, æнæвгъауæй сугъта. Расул æма æ иуазгутæ минкъий раздæр рандæнцæ.

– Дæ кустæй дæ бакъулумпитæ кодтон. Ме 'фсæрмийæй бадис, – хатир корæгау загътон æз.

Хайло бахудтæй:

– Аци бон сабат æй, æма ди е, æвæдзи, ферохс æй?..

– Ферохс æй, – исарази дæн æз.

***Уодзæнæй ма.***

*Максим ГОРЬКИЙ (1868-1936), финсæг: «Дзубанди цæйбæрцæбæл хумæтæгдæр уа, уой бæрцæбæл си устурдæр гъудитæ, ахедгæдæр зунд иссерæн. Æмбесæндтæ æма зартæ кæддæриддæр цубур фæуунцæ, зунд æма уодварнæ хæссæг гъудитæй ба си разиннуй берæ киунугути фагæ...» Уомæн ирд æвдесæн – нæ адæмон исфæлдистадæ.*

**НÆ ХУÆРЗГÆНГУТИ АРФИАГÆЙ ЦИТГИН КÆНУНÆЙ ИХÆСГИН АН...**





Леонид СЕМЕНОВ

# НÆРТОН ЛÆГАУ Æ ФÆЛЛÆНТТÆ ДÆР НÆРТОН АДТÆНЦÆ...

***Нæ адæми уодварни алæмæтдзийнадæ наукон æгъдауæй исбæлвурд кæнуни сæрбæлтау æновудæй ка бахъиамæт кодта, нæ еци хуæрзгæнгутæй еу æй Семенов Леонид Петри фурт – номдзуд литературон æма аййевадон æртасæг, профессор, Цæгат Иристони АССР-и науки æскъуæлхт архайæг. Комкоммæ ’й абони хумæтæги нæ имисæн – хуæрзæрæги, 30 майи æ райгурдбæл исæнхæст æй авдинсæй анзи (1886-1954).***

***Æма æ номерæнæн абони мухур кæнæн Л.П.Семенови туххæй зундгонд ахургонд, филологон наукити кандидат, Цæгат Иристони науки æскъуæлхт архайæг Габисати Светланæ кæддæр (1986 анзи) ци уац «Л.П. Семенов æма фольклор», ниффинста, уой.***

Номдзуд ахургонд Л. П. Семенов райгурдæй Терки облæсти станицæ Слепцовскойи. Дзæуæгигъæуи реалон училище каст фæуугæй, идарддæр ахур кодта Харькови университети историон-филологон факультети. Уой фæсте дæсгай æнзти дæргъи педагогон куст кодта Дзæуæгигъæуи ахургæнгути æма педагогон институти, уой хæццæ ба ма куста Цæгат-Кавказаг бæстæзонæн институти æма уой наукон музейи. Хъæбæр парахаттæй зундгонд адтæнцæ æ наукон куститæ номдзуд уруссаг финсгутæ Лев Толстой, Александр Пушкин æма Михаил Лермонтови туххæй. Уæлдайдæр ба Кавкази хæццæ сæ бастдзийнæдти туххæй. Агъазиау ахедунддзийнадæ ес, нæ адæмон исфæлдистади, уæлдайдæр ба Нарти кадæнгити туххæй ци бундорон наукон куститæ бацæттæ кодта, уонæн. Устур æргом æздахта нæ национ литературæмæ дæр. Зæгъун æнгъезуй, æма е иссæй Хетæгкати Къостай, Бритъиати Елбиздихъой, Туйгъанти Батæрбеги, Гулути Андрейи, Нигери (Дзанайти Ивани) æма нæ иннæ номдзуд финсгути исфæлдистадæ фиццаг æртасæг. Æ берæ агъазиау фæллæнттæн бæрзонд аргъгонд æрцудæй – æ рæстæги ин исаккаг кодтонцæ Ленини, Фæллойнадон Сурх Турусай, «Кади нисан»-и ордентæ, майдантæ.

Дæс æма дууинсæй анзей дæргъи Л.П. Семенов ци наукон фæллойнæ фæккодта, е æнгом баст адтæй Цæгат Кавкази адæмти фольклор æртасуни берæвæрсуг кусти хæццæ. Адæмон исфæлдистадæй æ зæрдæмæ тæккæ хъæбæрдæр иста Нарти кадæнгитæ: термин «нарт»-и равзурдæй, эпоси ирæзт, æ сюжети бастдзийнадæ, материалон культури циртдзæвæнти хæццæ, кадæнгити историзм æма сæ бунат дуйней эпости ’хсæн.

Ахургонд дзæвгарæ уадзимистæ ниффинста. Уонæй æнцæ: «Нæртон циртдзæвæнтæ мæхъæл æма оссæгти фольклори» (1930); «Нæртон циртдзæвæнтæ Цæгат Иристони» (1949); «Оссæгти Нарти кадæнгитæ дуйней эпости ’хсæн (1956); «Нарти кадæнгити равзурди туххæй» (1957); «Нарти эпос æма материалон культури æвдесæнтæ» (1957).

Аци фарстатæбæл Л.П. Семенов уæлдай æновуддæрæй уой туххæй куста, æма Нарти кадæнгитæ рауадзуни хецауадон комитети иуонг адтæй. Комитет арæзт æрцудæй 1940 анзи, æ иуонгтæ: Абайти Васо, Борис Скитский, Дзанайти Иван (Нигер), Мамсурати Дæбе, Епхити Тæтæри, Ардасенти Хадзбатир, Плити Грис, Бритъиати Созурухъо, æма Туйгъанти Мухарбег. Етæ уодуæлдай фæллойнæ бакодтонцæ кадæнгитæ æмбурд кæнунбæл æма сæ мухури рауадзунбæл.

Профессор æхуæдæг дæр зæрдиагæй æмбурд кодта адæмон кадæнгитæ, уомæн æма æ гъудимæ гæсгæ фольклорист кæмифæнди ку уа, уæддæр гъæуама тундза алли гъæуи истори базонунмæ дæр, гъæуама æркæса цæргути цардиуагæ, сæ фæллойни æгъдау æма фæткитæмæ, исбæрæг кæна адæми цæстингас рагон царди хабæрттæмæ. Искурдиадæгин ахургонд уотæ ке сагъæс кодта, уомæ гæсгæ æ уацтæ гъæздуг æнцæ этнографион, археологон æма историон æрмæгæй. Нарти кадæнгитæ нимадта кавказаг фольклори тæккæ ахсгиагдæр æма вазуггиндæр циртдзæвæнтæбæл, æ сæйрагдæр ихæсбæл нимадта армæйарæзт æма уоди исфæлдесгæ культурити бастдзийнæдтæ раргом кæнун. Семенов аци фарста исбаста этнографий æма археологий проблематики хæццæ, финста, зæгъгæ, дзубанди гъæуама Нарти армæйарæзт культури хецæн циртдзæвæнтæбæл ма цæуа, фал æнæгъæнæ комплексбæл. Уони хæццæ баст цæунцæ хъайтарти райгурд (дори губунæй игурд), сæ тугъдон гъуддæгутæ (айнæги расаст), сæ сабур цард (дзубанди æма æ дортæ), сæ мæлæт (бæгъатæрти уæлзæнхон æма дæлзæнхон циртитæ). Ахургонди гъудимæ гæсгæ, утемæй исбæрæг кæнæн ес кадæнгити сюжеттæн сæ равзурди рæстæг: «Кадæнгитæ æма сæ хæццæ баст мифтæ, исæвзурдæнцæ алли дзаманти æма сæ фæд уагътонцæ эпоси сюжетти. Ами фембæлæн ес киристон æма пусулмон динти мотивтæбæл…»

Нæуæг æма нæуæг цæветтонгитæ хаста Л.П. Семенов Нарти кадæнгити æма оссæгти армæйарæзт культури бастдзийнади туххæй. Уони хæццæ мæхческаг хузгин дор. Л.П. Семенов нæ иннæ номдзуд ахургонд Е.И. Крупнови хæццæ исбæрæг кодта, дори хузæ ке æй, нæ эри размæ VII æностæй ци дзаумæуттæ байзадæй, уони ’нгæс. Ахургæндтæ æрцудæнцæ уæхæн хатдзæгмæ: дор, ка ’й зонуй, æй хъæбæр рагон.

Евгъуди культури цæмæдесагдæртæй еу æй бронзæй конд хъобайнаг минкъий фæрæт, хузæгонд ибæл ес цауæйнон æд æрдунæ, авд хелаги, дууæ тумбулæги, сæ медæгæ æхсæз хори туни, уотемæй. П.С. Уварова куд зæгъуй, уотемæй аци хузæ баст æй адæмон таурæхъти хæццæ, адæм æй исфæлдистонцæ хелгути нихмæ тохгæнгути туххæй, тумбулæг ба, дан, хори хузæ ’й. Л.П. Семенов еци гъуди фæййирддæр кодта хузæ æма Нарти кадæнгити ци авдсæрон залиаг хелгутæ æвдист цæунцæ, уони кæрæдзей хæццæ рабаргæй. Таурæхъи еци хелагæн нивондæн хастонцæ уодæгас адæймаги æма æ номбæл адтæй бæрæгбон. Айдагъдæр уой фæрци бафсæдиуонцæ, хелагæ сæмæ ци дон нæ уагъта, уомæй.


Леонид СЕМЕНОВ студенттимæ хæццæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг эвакуаций. 1943 анз.

**Искурдиадæгин скульптор, Цæгат Иристони æскъуæлхт хузæгæнæг Дзанайти Сергейи фурт Руслани райгурдбæл 12 июни æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи.**

**НÆ ЦАРДДÆТТÆГ САУÆДÆНТТÆ ÆНОСТÆМÆ ИВУЛÆНТÆ, НÆ АДÆМИ УОДВАРНИ АЛÆМÆТДЗИЙНАДÆ ÆНОСТÆМÆ ЦАРДГЪОН УÆНТÆ!..**

Аци гъуди растбæл банимадта В.А. Кузнецов дæр æ киунуги «Нартский эпос и некоторые вопросы истории осетинского народа» (Орджоникидзе, 1980). Фарста алливæрсугæй ке рартæста, е Л.П. Семенови æркодта уæхæн гъудимæ, зæгъгæ, Нарти кадæнгитæ равзурдæнцæ нæ эри размæ фиццаг минанзи, фæстæдæр ба медесгундæр, æнхæстдæр кодтонцæ нæуæг сорæттæ æма мотивтæй, астæуккаг æности циртдзæвæнти хабæрттæй, уой хæццæ ба уой дæр зæгъуй, æма кадæнгити хецæн цаутæ æргъудигонд нæ 'нцæ, фал æнцæ æцæгдзийнадæ æма дзорунцæ оссаг адæми рагфидтæлти агъазиау културæбæл...

* * *

Эпоси Л.П. Семенов агурдта, дуйнеуон эпоси хæццæ ин æмхузон ци бунæттæ 'нцæ, уæхæнттæ. Етæ 'нцæ: зундгинтæ æма æдулитæ, циргъзунд æма къумух уоститæ кæми архайунцæ, уæхæн кадæнгитæ, молло. Насреддин арæзт æнгæс аргъæуттæ æма мифтæ уæйгути туххæй. Æ уацтæй еуеми финста, зæгъгæ, лæгхуар уæйгутæ ес берæ адæмти эпости – кæсгæнттæмæ, дагестайнæгтæмæ, оссæгтæмæ, финнтæмæ, карелтæмæ, сербтæмæ, уруссæгтæмæ, французæгтæмæ, немуцмæ, араббæгтæмæ. Еци мотивтæй, дан, алкæмæн дæр ес æхе менеугутæ æма баст æнцæ аллихузон æхсæнадон формацити хæццæ. Еу загъдæй, хуæнхон фольклор бустæги бунæттон нæй, ес ин урух бастдзийнæдтæ.

Федарæй зæгъæн ес: берæ аллихузон æрмæг æртасгæй Л.П. Семенов равдиста археологон циртдзæвæнти хæстæгдзийнадæ эпоси хæццæ, исаразта хецæн теори кадæнгити равзурди туххæй, фæббæлвурд кодта уони идарддæри ирæзти историй хецæн рæстæгутæ, иссирдта си иннæ эпости хæццæ æнгæс мотивтæ, исбæрæг кодта, Нарти кадæнгитæн аргъæутти хузæн интернационалон рахаст ке ес, уой.

Леонид Семенови кустити ес къуар ахсгиаг хатдзæги иннæ цæгаткавказаг иннæ адæмти исфæлдистади хецæн жанрти, сæ сюжетти, аййевадон æвзаг æма стили туххæй дæр. Æ уацтæ гъæздуг адтæнцæ библиографион æма фольклорон æрмæгæй, бæрæг æй: хъæбæр хуарз зудта зонадон литературæ, адæмон исфæлдистади тексттæ...

Куд загътан, уотемæй Л.П. Семенов устур æргом æздахта литературæ æма фольклор æртасуни кустмæ. Ниффинста киунугутæ æма уадзимистæ: «Мотив горского фольклора и быта в поэме Лермонтова «Хаджи-Абрек» (1960), «Кавказ и Лев Толстой» (1928), «Ингушская и чеченская народная словесность» (1928) æма æндæртæ. «Лермонтов и фольклор Кавказа», зæгъгæ, еци кусти ба автор лæмбунæг æвзаруй финсæги исфæлдистадон кусти принциптæ. Берæ дæнцитæ æрхаста, поэт кавказаг адæмти фольклорæй куд пайда кодта, уой туххæй. Куд баханхæ кодта, уотемæй уруссаг финсгутæй Лермонтови хузæн неке зудта кавказаг адæмти исфæлдистадæ.

Уæлдай лæмбунæг ахур кодта Хетæгкати Къостай исфæлдистадæ дæр. Æма æ гъудимæ гæсгæ, Къостай æмдзæвгитæ, фольклормæ хæстæг уогæй, арæзт æнцæ аллихузон жанртæмæ гæсгæ. Еуетæ си æнцæ лирикон зартæ, иннети исхонæн ес лиро-эпикон уадзимистæ («Сидзæргæс», «Хъуыбады», «Всати»), иннети цубур таурæхътæ («Æрра фыййау», «Лæг æмæ ус»), цуппæрæймаг къуармæ ба бахаста æмбесæндтæ.

Ахургонд æ уацти урзæй æвзарæгау æвзурста аллихузон фольклорон мотивтæ. Зæрдибунæй дзоруй Бритъиати Елбиздихъой драмæ «Амыран»-и фольклорон игурæнти туххæй дæр, дæнцæн хæссуй ирон, гурдзиаг, сомехаг, кæсгон, абхазаг, грекъаг таурæхътæ Прометейи туххæй, бæрæг кæнуй алли вариантæн дæр сæ хецæндзийнæдтæ æма сæ еци-еу рæстæг баруй драми сорæтти хæццæ. Ахургонди хатдзæгмæ гæсгæ Елбиздихъо испайда кодта таурæхъи кавказаг вариантæй, аййевадон комиуолæфт си баугъта, уотемæй.

Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма ахургонд ке иссæй Дзанайти Ивани (Нигери) зонадон фæллæнттæн сæ фиццаг аргъгæнæг дæр. Æ сæрмагонд уаци æвзаруй Нигери доклади тезистæ Нарти кадæнгтити туххæй, финсуй, зæгъгæ, наукон æма аййевадон æрмæгутæбæл æнцайгæй, Нигер дæсни æртасуй Нарти кадæнгити вазуггин фарстатæ.

Фольклори туххæй Л.П. Семенов ци уацтæ ниффинста, уонæн ес сæхе хузæ. Нæ син ес æндæр наукон кустити хæццæ фæххæлæмулæ кæнæн, гъæздуг æнцæ фольклорон æма библиографион æрмæгæй, автор киунугæкæсæги иселлæг кæнуй æцæгдзийнадæ базонунмæ. Куститæн бæлвурд фæууй сæ нисан, автори хатдзæгтæ 'нцæ æнцонлæдæрæн, æ зæгъуйнæгтæ ахургонд бахузæнон кæнуй бæлвурд этнографион æма археологон æрмæгæй.

Мæ радзубандий кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг дæн, æма хуарз уидæ Л.П. Семенови уадзимистæ фольклори туххæй æнæгъæнæйдæр æмбурдгонд ку æрцæуиуонцæ. Уæхæн киунугæ ба, æнæмæнгæ, æхсицгæ гъæуй ахургæндти, национ литературæ æма фольклор ка ахур кæнуй, еци студентти, уæдта нæ дзиллæй нæ адæмон исфæлдистадæ зæрдтагон кæмæн æй, уонæн сæ еугуремæн дæр. Еци ахсгиаг гъуддаг исæнхæст кæнуни ихæс ба æхемæ цума ка райсдзæнæй?..

* * *

*Махмæ гæсгæ, раст уодзæнæй, аци уац ниффинсæг* ***Габисати Зелимхани кизгæ Светланæн*** *æхе туххæй дæр сæрмагондæй ку зæгъæн – е дæр хъæбæр æновудæй бахъазауат кодта нæ адæмон исфæлдистади алæмæтдзийнадæ наукон æгъдауæй исцитгин кæнунбæл. Æма уомæ гæсгæ абони æхе уаци æмвæрстæ мухур кæнæн* ***Икъати Таиси*** *финст уац.*

# Æ РÆСТЗÆРДÆ ЦАРДИУАГÆ – КАДГИН...



Адæймаг пенсий ке рацæуй æма косгæ ке нæбал фæккæнуй, уомæ кæд игетгæ фæккæнуй, уæддæр си цидæр хуарздзийнæдтæ дæр ес. Уой мæхуæдæг дæр балæдæрдтæн. Пенсий ку рацудтæн, уæд мин фæцæй равгæ, раздæр мæ æнхæст кæмæ нæ евдæлидæ, уæхæн зæрдæхцæуæн гъуддагмæ – фæззиндтæй мин берæ уæгъдæ рæстæг, æма ахид бауайун мæ хеуæнттæмæ, мæ дзæбæх синхæнттæмæ дæр. Уотемæй фæззонгæ дæн Цуцити бийнонти хæццæ дæр. Бийнонти мадæ – Габисати Зелимхани кизгæ Светланæ 'й нæ Иристони кадгин æма фарнæхæссæг силгоймæгтæй еу. Искурдиадæгин ахургонд, филологон наукити кандидат, нæ республики æскъуæлхт косæг, е берæ æнзти дæргъи бафæллойнæ кодта Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети ахургæнæгæй, уруссаг литературти кафедри доцентæй.

Хуарзæнхæгонд æрцудæй дзурдарæхсти Уæрæсей академий Кади гæгъæдитæй æма майданæй «Ревнителю просвещения».

Габисати Светлани наукон фæллæнттæ иссæнцæ нæ наций гуманитарон есбойнади гъæздугдзийнадæ, абони дæр ма цæмæдесаг æнцæ, национ æма уруссаг фольклористики актуалон фарстати фæдбæл æртасæн куститæ – сæдæ мухургонд кустемæй фулдæр, уомæй уæлдай æхе æргъудигонд дзоргæ адæмон исфæлдистади уадзимистæ æмбурд кæнуни методикæ. Уæлдай цæмæдесаг æнцæ æ куститæ «Ирон адæмон зартæ» æма «Хъазахъаг киндзæхсæвæрти поэзи».

Светланæ дууинсæй анземæй фулдæр фембурд кодта æ студентти хæццæ кафедри фольклорон архив, дæсни разамунд лæвардта студентти фольклорон практикæ æма наукон куститæн.

Хъæбæр берæ ес дзорæн еци æскъуæлхт силгоймаги туххæй. Берæ лæггæдти бацудæй Иристони наукæн, æма си устур арфиаг æнцæ æ кæддæри æмкосгутæ æма студенттæ.

Аллибон Светлани хæццæ 'мбæлгæй мин æргомæй-æргомдæр кодтонцæ æ дессаги уодигъæди менеугутæ – зæрдхæлардзийнадæ, хуæдæфсармæ, фæсевæди зундамонæг, федар æгъдаубæл хуæст. Светланæ æ гъæздуг фæлтæрддзийнадæ æма берæ зонундзийнæдтæй абони дæр, æ 90 анзей сæрти цæстуарзон хай кæнуй нæ ирæзгæ фæлтæрæн. Æ царди алли гъуддагæй дæр æй фæнзуйнаг фæсевæдæн.

Габисати Светланæ æ цардæмбал, зундгонд советон-партион косæг Цуцити Аркадийи хæццæ исгъомбæл кодтонцæ дууæ фурти Аслан æма Артури. Етæ абони 'нцæ нæ республики зундгонд наукон æма æхсæнадон архайгутæ. Сæ дууæ дæр иссæнцæ наукити кандидаттæ. Аслан раздæр æнзти разамунд лæвардта Цæгат Иристони национ рахастдзийнæдти министрадæн, 2021 анзæй абони уæнгæ ба 'й Цæгат Иристони Национ музейи разамонæг. Артур ба 'й Дзæуæгигъæуи разамунддзийнади институти социалон æртасæнти Центри хестæр наукон косæг. Сæ дууемæн дæр ес бийнонтæ, гъомбæл кæнунцæ цæуæт.

Габисати Светланæн æ наукон хъазауат æнæгъæнæй дæр нæ адæмон исфæлдистади сæрбæлтау ке адтæй, уомæ гæсгæ æримисдзæнæн нæ фидтæлтиккон еу загъд: «Кадæ рантæсуй адæймагæн æ рæстзæрдæ цардиуагæй!..» Уой имисгæ ба уомæ гæсгæ ракодтон, æма Светланæн дæр дзилли 'хсæн ес бæрзонд кадæ, е ба рантæстæй æ рæстзæрдæ цардиуаги арфиаг гъуддæгутæй…

***ИКЪАТИ Таисæ***

**НÆ АДÆМОН ИСФÆЛДИСТАДИ ХÆЗНАДОНÆЙ**

# КÆД СÆ КÆСТÆР УÆХÆН ЦЪУХГИН ÆЙ...



Æгас бæстæбæл дæр райгъустæй хабар, фæсхонхи, дан, ес уæхæн мæнгæдзорæг, æма ибæл некема фæхъхъаурæгиндæр æй. Еци хабар фегъустонцæ иннæ мæнгæдзоргутæ дæр. Уæд дин еууæхæни дæснидæр мæнгæдзоргутæй еу æхе исрæвдзæ кодта, къуæрей фагæ хуæруйнаг æ хæццæ райста æма цæунтæ райдæдта фæсхонхи гъæумæ. Цæйбæрцæ фæццудайдæ, ка 'й зонуй; æ дзабуртæ бафехсудæнцæ, æ уæледарæс никъкъуæхтæ 'й, æ хуæруйнæгтæ фæцæнцæ, уотемæй бахъæрттæй мæнгæдзорæги гъæумæ.

Ку бахæстæг æй, уæд ставд уаруни æртæхтæ хаун райдæдтонцæ. Нур ке бафæрса æ фусуни хæдзарæбæл? Кæсуй, æма дин уæлæ дони билæбæл еу биццеу цидæртæ косуй:

– Зæгъай мин, хуарз биццеу, мæнгæдзорæги хæдзарæ кæци рауæн æй?

Биццеу æ куст фæууагъта, бæлццонмæ сæрæй бунмæ æркæститæ кодта, уæдта ин уотæ зæгъуй:

– Ами нæй, арв æмпъозунмæ рандæй.

Бæлццон къехæй райзадæй. Биццеу æй уотемæй рауингæй ин, ку зæгъидæ уотæ:

– Ци никъкъехтæ дæ, мæнæ хуарз лæг, уарун нæ уинис? Е арв фæцъцъасæ 'й, æма уой æмпъозунмæ рандæй.

«Гъе дин, гъе, – зæгъгæ, рагъуди кодта бæлццон, – сæ сувæллæнттæ уотæ дзуапгин кæмæн æнцæ, уонæн ма уанæбæрæг сæ мæнгæдзорæг цæхуæн æй!..» – æма фæстæмæ фæззилдæй.

*Аци хабар æ рæстæги ниффинста Хъазбегти Хъазбег. Æ радзорæг бæрæг нæй. Цæгат Иристони гуманитарон-социалон æртасæнти институти архив.*

**Фондз æма фондзинсæй анзей размæ (1921 анзи 16-18 июни) арæзт æрцудæй Хуæнхон республики хуæнхаг силгоймæгти Фиццаг съезд.**

*– Ты знаешь, что в России платные дороги будут в два раза дешевле бесплатных?*
*– Это как?*
*– На платных дорогах не будет ГИБДД.*

*Больной обращается к своему врачу:*
*– Доктор, отчего мне так хорошо?*
*– Извините, я капельницу перепутал.*

*У одного ученого была большая библиотека. Однажды его спросили:*
*– А на какой самый главный вопрос вы ищете ответ во всех книгах?*
*– Где моя заначка?!*

## ЕСКÆМÆН «НЕЦИ» КА ’Й, Е ÆХЕЦÆН ДÆР, ÆВÆДЗИ, НЕЦÆМÆЙ БАСКЪУÆЛХТДЗÆНÆЙ!..



# ЗÆРДÆН НАД ЗУНД КУ АМОНА...

Мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæмæ ’ркæсæ, æма сæбæл дзуæппитæй дин си дæ удикондмæ гæсгæ хæстæгдæр ка ’й, уони равзарæ.

**1.** Дæхе де ’мбали хæццæ фембæлдмæ куд цæттæ кæнис, утемæй дæмæ дæ лимæн æрбацудæй æма дин лигъстæ кæнуй, аци изæр æй кумæдæр цæун ке гъæуй, уомæ гæсгæ ин цæмæй æ сувæллæнтти хæццæ бабадай. Уæд куд бакæндзæнæ?

а) зин дин æй, фал уæддæр арф ниуолæфгæй, исарази уодзæнæ;

б) дæхецæй æй фервистай;

в) цæугæ ке кæнис, уой ин балæдæрун кæндзæнæ: исон æрбацæудзæнæ, зæгъгæ;

**2.** Де ’мкосæг ди ракурдта, цæмæй ин æ доклад рамухур кæнай. Ду ба...

а) уолæфæн бæнттæмæ ин исæмгъуд кодтай:

б) æхсицгонæй исарази дæ;

в) бахъур-хъур ибæл кодтай.

**3.** Дæ зæрдæмæ ка цæуй, еци адæймаг дин балæдæрун кодта, æхцайæй ке нæ хъæртуй, уомæ гæсгæ ба дæ ресторанмæ фæххинцунмæ фæххонун æ бон нæй. Æма ду ба...

а) зæрдæ ин байвардтай, ку исгъæздуг уа, уæд æ хæццæ дæ изæр ке рарветдзæнæ, уомæй;

б) дæхуæдæг æй хонис ресторанмæ æма дæхуæдæг исхарз кæндзæнæ;

в) «нецæййаг» æй исхудтай, кæд ресторанмæ адæймаги бахонун æ бон нæй, уæд.

**4.** Дæ хецау ди коруй, цæмæй уæлæнхасæн рæстæг байзайай дæ кусти, ду ба...

а) дæ зонгитæй кæмæйдæр ракордзæнæ, цæмæй иннæ уатæй æрбадзора, дæ мади хуæрæ тухст сæйгæ ке æй, æма дæ уой æвæстеуатæй рабæрæг кæнун ке гъæуй;

б) æнæдзоргæй исарази уодзæнæ;

в) дæ хецау æ бартæй æгæр ке пайда кæнуй, уой туххæй æй фудгин кæнис.

**5.** Сувæллон уогæй, де ’мбæлтти хæццæ гъазгæй, дæу фæндидæ:

а) «Золушка» ун;

б) «Красная шапочка» ун;

в) «Снежная королева» ун.

**6.** Дæ зонгитæй ди еске æхе еуварс ласун ку райдайуй, уæд ду ба...

а) дæ зæрдæ фæрресуй æма архайис, æ зæрдихатт дæу æрдæмæ хузæнондæрæй раййевунбæл;

б) æргомæй æй хонис дæ æнæуинон;

в) дæхе си ду дæр райеуварс кæндзæнæ – æнæ дæуæй дæр нæ фесæфдзæнæн, зæгъгæ.

**7.** Дæ цардæмбал дæ цидæр бабадтмæ тухласæ кæнуй, дæу ба нæ фæндуй, уæд...

а) нæ арази кæнис, нæ дæ фæндуй, уæхæн гъæрæзмæнст рауæнмæ цæун;

б) арази кæнис æма æ хæццæ ранæхстæр уодзæнæ;

в) æргомæй ин зæгъис, – е ’мбæлттæ бустæги бæзгæ ке нæ ’нцæ, уомæ гæсгæ ба уой бæсти изæр еумæ рарветæн, зæгъгæ.

**8.** Ахиддæр фæуууй уотæ...

а) æнæбари дæр фæццæуис дæ лимæнти хæццæ, зæгъæн, тукæнттæмæ, æлхæнуни зæрди ку неци уай, уæддæр;

б) фæстæтæрæ сæ кæнис, цалинмæ дæхе ести æлхæнун багъæуа, уæдмæ;

в) цæхгæр син æнаразий дзуапп раттис.

**9.** Дæу зæрдæмæ ци хуæрүйнаг цæуа, е дæ цардæмбалæн ба зæрдхæссæн ку уа, уæд...

а) феронх кæндзæнæ ду дæ еци хуæрүйнаг;

б) фудæнæн дæр ибæл æхцул уодзæнæ, цæмæй æй е дæр бауарза;

в) дæхецæн æй хецæнæй цæттæ кæндзæнæ.

**10.** Дæ бийнонтæ, кенæ дæ зонгити хæццæ естæбæл ку рабуцæу уис, уæд...

а) ахиддæр дæхе фæффудгин кæнис;

б) уони фуд æй фæккæнис;

в) неке фуд æй фæккæнис.

**11.** Тукани дин уæйæгæнæг æнæнгъæлти аллифудтæ ракалдта, ду ба ...

а) дæхе нигъгъос кодтай;

б) дæхе ин истæрегъæдгæнæг кодтай æ зин кусти фæдбæл;

в) ду дæр си фæсте нæ райзадтæ.

**12.** Кусти бунат агоргæй...

а) дæ миздбæл бафæрсун бандеуддзæнæ æргомæй;

б) куд фулдæр гæнæн ес, уоййасæбæл мизд байагордзæнæ;

в) дæ бæлдтаг домæнтæ зæгъдзæнæ.

**НУР БА ИСКÆНÆ ХАТДЗÆГТÆ:**

1а, 2б, 3б, 5а, 6а, 7б, 8а, 0а, 10а, 11а, 12а фарстатæбæл дзуæппитæн дæхецæн исæвæрæ – 2 балли.

16, 2а, 3а, 4а, 5б, 6а, 7а, 8б, 9а, 10а,11а, 12в фарстатæбæл дзуапп ратгæй ба дæхецæн исæвæрæ – 1 балл.

Иннæ фарстатæн дзуæппити туххæй ба неци æвæрун гъæуй.

Нур ба сæ банимайæ.

Кæд 16 баллемæй фæффулдæр æнцæ дæ дзуæппитæ, уæд дæ хъауритæ æма дæхебæл бустæги хъæбæр не ’уæндис, уомæ гæсгæ ба дин дæ лæмæгъдзийнадæй иннетæ пайда кæнунцæ, дæхе фарстатæ дин нецæмæ даргæй. Дæхе гъæуай кæнæ уæхæнттæй. Дæ бартæбæл федарæй хуæцæ. Еске зæрдихудтæй дæр ма тæрсæ. Уотемæй дин фулдæр аргъ кæндзæнæнцæ.

Дæ еумæйаг баллтæ кæд 9-15 уæнгæ исхизтæнцæ, уæд ду дæ арæхстгин, дæ бон æй дæ уæгъдебарæдзийнадæ багъæуай кæнун. Дæхецæн аргъ кæнун дæ бон æй, нæ тæрсис дæ хецауæй дæр æма де ’мбæлтти зæрдихатт æма боститæй дæр, уомæ гæсгæ ба дæ нимайунцæ.

Дæ дзуæппити «аргъ» 9 баллемæй ниллæгдæр кæд рауадæй, уæдта ду дæ зинбухсæн зæрдиуаги хецау. Дæ хæццæ еу æвзаг зин иссерæн æй. Ниууадзæ ескæмæн зундамонæн дзубандити фæткæ. Дæ зæрдихатт ку нæ раййевай, уæд дин хъæбæр зин уодзæнæй адæмми ’хсæн цæрун, уомæн æма «æгæргæнæг – æгæр кæнуй».

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæрбæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Детективон литературæй зундгонд фæдагор Эркюль Пуарой сорæт финсгутæй ка исфæлдиста æ уадзимисти?**

а) Жорж Сименон; б) Агата Кристи; в) Артур Конан Дойл.

**2. Дзурд «чебурек» ратæлмацгæнгæй ци амонуй?**

а) «Сугъзæрийнæ къинсæ»; б) «Хуæрзадæ фуси фид»; в) «Хом хъæбун».

**3. Нигулæн дуйнæй фиццаг ахурадон угæдонæ ке хъæппæресæй арæзт æрцудæй?**

а) Аристотель; б) Кьеркегор; в) Платон.

**4. Цуппар цæугæдони, æхсæз къанауи, дæс æма инсæй хеди си ке ес, уомæ гæсгæ уæрæсеймæ сахартæй кæци хонунцæ уруссаг Венеци?**

а) Нижний Новгород; б) Вышний Волочек; в) Великий Новгород.

**5. Зундгонд францусаг физиктæй ка æргъуди кодта «Æздухсуни закъон»?**

а) Андре-Мари Ампер; б) Блез Паскаль; в) Шарль Кулон.

**6. Номдзуд уруссаг финсæг Николай Гоголь æ исфæлдистадон кустæй уæгъдæ рæстæг цæмæй архайдта?**

а) Халæй бийунæй; б) Полойæй гъазунæй; в) Науи цæунæй.

**7. Уæрæсей паддзæхтæй ке хъæппæресæй арæзт æрцудæй «Сосæг къанцеляри»?**

а) Екатерина Дуккаги рæстæги; б) Рюрикки рæстæги; в) Петр Фиццаги рæстæги.

**8. Æ рæстæги алæмæти дессаг науæ «Титаник» æ еунæг æма фæстаг балций кæци анзи рацудæй?**

а) 1912; б) 1914; в) 1927.

* * *

**Аци фарстатæбæл раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Абони ба мухур кæнæн раст дзуæппитæ нæ газети айразмæ номерти мухургонд фарстатæбæл.**

**№20.**

**1.** Сочи. **2.** Емельян Пугачев. **3.** «Анна Каренина». **4.** Александр Алехин. **5.** Билет балхæнунмæ кезуй æ разæй æндæр кедæр бауагъта, æма е балхæдта еци билет.

**№21.**

**1.** Къуæтти. **2.** Жан Маре. **3.** Еу. **4.** Фидель Кастро. **5.** Фаина Раневская. **6.** Пъамидор. **7.** Василий Верещагин. **8.** Гулути Андрей.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730.** Заказ **№ 1197.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 10.06.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 10.06.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**